

**LATIHAN SOAL UTS SEMESTER 1**  
**BAHASA JAWA**

**I. Wacanen geguritan iki!**

Surya

*Dening: Anin Fitria Ningrum*

Kang kamulyar madhangi Sang Pertiwi

Tansah jumedhul saka sisih wetan

Lan angslup sisih kulon

Nora cidra

Tansah nuhoni sabdaning Pandhita Pertiwi

Nalikane jumedhul agawe bungahing manah

Dadya sumbering kahuripan

Angslup surya

Tetep agawe padhanging pertiwi

Nora sambat

Nadyan dipawehi panyaruwe

Nora mban cindhe mban siladan

**II. Wenehana tandha ping (X) ing wangsulan sing bener!**

1. Geguritan ing ndhuwur irah-irahane ...

A. Sang pertiwi

**B. Surya**

C. Nora cidra

D. Angslupe surya

2. Geguritan ing ndhuwur kadadean saka ... Gatra (larik).

A. 9    **B. 10**    C. 11    D. 12

3. Geguritan ing ndhuwur ditulis dening ...

A. Surya

B. Gusti kang akarya jagad

**C. Anin Fitria Ningrum**

D. Sang pertiwi

4. Gatra kang kapapat “Nora Cidra” tegese ...
- A. Ora tenanan
  - B. Ora sida
  - C. Ora ngapusi
  - D. Ora diwenehi
5. Jumedhule surya agawe bungahing manah. Tembung bungahing manah tegese ...
- A. Senenge ati
  - B. Sambate wong sara
  - C. Rekasane awak
  - D. Susahing liyan
6. Puisi jawa gagrag anyar kang ora keiket dening paugeran kang gumathok diarani ...
- A. Pachelaton
  - B. Geguritan
  - C. Parikan
  - D. Tetembangan
7. Supaya bisa nemokake tema ing pacelathon utawa geguritan kudu maca kanthi ...
- A. Tliti, gemi lan setiti
  - B. Ngati-ati
  - C. Tliti lan dibolan baleni
  - D. Mesthi
8. Owah-owahane praupan paraga kanggo ngatonake rasa kang jumbuh karo isine pacelathon diarani ...
- A. Polatan / mimik
  - B. Gestur
  - C. Intonasi
  - D. Diksi
9. Sang surya tansah jumudhul saka sisih wetan. Tembung sang surya tegese ...
- A. Srengenge
  - B. Rembulan
  - C. Bumi
  - D. Langit

10. Kang kamulyar madhangi sang pertiwi. Tembung sang pertiwi tegese ...

A. Srengenge

B. Rembulan

C. Bumi

D. Langit

11. Barokahe wong sing sregep ngaji bakal bisa ...

A. Bola-bali

B. Ziarah wali

C. Tuku sawi

D. Budhal kaji

12. Solahe bawane paraga kang jumbuh karo isine pacelathon diarani ...

A. Mimik

B. Gestur

C. Intonasi

D. Pangucapan

13. Sinau bab agami diarani ngaji, yen ngaji ana ing ...

A. TPQ

B. Mbah kaji

C. Kali

D. Mburi

14. Guru ngaji lumrahe diarani ...

A. Kyai / nyai

B. Guru

C. Koki

D. Suster

15. Cecaturan karo liyan kudu nggatekake tata krama, yen kowe matur karo ibu utawa bapak sing bener migunakake basa ...

A. Ngoko lugu

B. Ngoko alus

C. Krama lugu

D. Krama alus

16. Yen murid marang gurune sing bener migunakake basa ...

- A. Ngoko lugu
- B. Ngoko alus
- C. Krama lugu
- D. Krama alus**

17. Ing ngisor iki panggonane swara a jejeg yaiku ...

- A. Sapa sing dadi lurah?
- B. Darmintho ngunduh sawo
- C. Dasamuka iku buta**
- D. Piringe pecah papat

18. Pacelathon Rina karo kancane migunakake basa ...

- A. Ngoko lugu**
- B. Ngoko alus
- C. Krama lugu
- D. Krama alus

19. Eyang Putri Tindak Semarang ***niti*** sepur. Tembung kang ditulis miring tegese ...

- A. Nggeret**
- B. Numpak
- C. Milih
- D. Ndandani

20. Ukara ing nomer 17 miturut undha usuke basa klebu basa ...

- A. Ngoko lugu**
- B. Ngoko alus
- C. Krama alus
- D. Krama lugu

21. Panulisane tembung ing ngisor iki sing bener yaiku ...

- A. Butuk, bathok, bothok**
- B. Kadal, banthal, kendi
- C. Bodo, kendhi, dalang
- D. Dhendheng, godhong, dada

22. Ngirit energi ancuse supaya ...

- A. Bumi gelis rusak lan kobong
  - B. Bumi awet, lan isih bisa dipanggoni**
  - C. Bumi saya gedhe lan subur
  - D. Bumi ora bisa dipanggo
23. Ayo padha ngirit energi supaya bisa dadi ...
- A. Wong mlarat
  - B. Wong kuno
  - C. Wong lara
  - D. Wong sugih**
24. Bapak lagi ngombe kopi, yen diowahi nganggo krama alus dadi ...
- A. Bapak lagi ngunjuk kopi
  - B. Bapak nembe ngombe kopi
  - C. Bapak lagi dhahar kopi
  - D. Bapak nembe ngunjuk kopi**
25. Nduk kowe adus apa durung? Ibu ndangu marang putrane. Ukara sing ngarep migunakake basa ...
- A. Ngoko lugu**
  - B. Ngoko alus
  - C. Krama lugu
  - D. Krama alus
26. Bu Ratih kundur saking wadhuk Gajah Mungkur. Ukara ing ngarep migunakake basa ...
- A. Krama lugu
  - B. Krama alus**
  - C. Ngoko alus
  - D. Ngoko lugu
27. Panulisane swara i jejeg manggon ana ukara ...
- A. Sikile Rina kecekluk
  - B. Aku rampung dhisik dewe
  - C. Taline mung ana siji**
  - D. Kancil mlayu nggendring

28. Kare, sapi, damen, lan jaran, iku tembung-tembung kang migunakake aksara swara a diwaca ...

- A. Jejeg
- B. Miring
- C. Turu
- D. Ndhungkluk

29. Yen omong-omongan karo kanca sak kelas, supaya katon raket anggone kekancan sing penak migunakake basa ...

- A. Krama alus
- B. Krama lugu
- C. Ngoko alus
- D. Ngoko lugu

30. Kumpulane ukara ana ing geguritan diarani ...

- A. Larik
- B. Pada
- C. Ukara
- D. Paragraf

31. Guyup rukun bisa mujudake manunggal lan nyawijine warga Indonesia, kang bisa digambarake ...

- A. Sapu tangan
- B. Nyapu latar
- C. Sapu sada
- D. Sapu duk

32. Muga-muga tindakake Eyang tansah *rahayu*, mboten manggih reridhu. Tembung kang katulis miring tegese ...

- A. Mumet
- B. Slamet
- C. Dolanan
- D. Tabrakan

33. Karo tangga-teparo aja seneng tukar padu, mbok sing ... Supaya atine padha ayem lan tentrem.

- A. Sikut-sikutan
  - B. Gelut
  - C. Guyup rukun**
  - D. Guyon
34. Ndandani dalan kang rusak luwih becik ditindakake kanthi ...
- A. Makarya bebarengan**
  - B. Dhewe-dhewe
  - C. Prasaja
  - D. Sak karepe dhewe
35. Ana unen-unen “Crah agawe bubrah, rukun agawe ...
- A. Santosa**
  - B. Rekasa
  - C. Prakosa
  - D. Dosa

### **III. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isenana nganggo tembung sing mathuk!**

1. Puisi jawa gagrag anyar kang ora keiket dening paugeron kang gumathok diarani **gegurtitan.**
2. Gatra kapisan (siji) geguritan “SURYA” yaiku **Kang kamulyar madhangi Sang Pertiwi**
3. Geguritan ing ndhuwur irah-irahane **surya**
4. Gatra kapapat, “NORA CIDRA” tegese **ora ngapusi**
5. Tembung dalan, larang, iku migunakake aksara a kang diwaca **miring**
6. Lali, bibi, sawi, lan siji iku tembung-tembung kang migunakake aksara i kang diwaca **jejeg**
7. Wong ngaji iku diwulang babagan **agami**
8. Yen sregep ngaji mbesuk dadi pak kyai, yen wis dadi Kyai mesthi bisa **munggah kaji**
9. Guneman karo kanca dolanan penakake nganggo **basa ngoko**
10. Maca tliti lan dibolan-baleni iku cara kanggo nemokake **tema** Ana ing pachelaton utawa geguritan.

#### **IV. Wangsulana pitakon ing ngisor iki!**

1. Tulisen tembung-tembung kang migunakake aksara a jejeg telu bae! **ana, pira, sapa**
2. Tulisen tembung-tembung kang migunakake aksara dh loro lan th ya loro!
3. Apa ta kang diarani geguritan kuwi? **Puisi jawa gagrag anyar kang ora keket dening paugeran kang gumathok.**
4. Geneya awake dhewe kudu ngirit energi? **Bumi awet, lan isih bisa dipanggoni**
5. Ukara-ukara ing ngisor iki owahana dadi basa krama:
  - A. Simbah ngombe kopi = **simbah ngunjuk kopi**
  - B. Bulik tuku rujak cingur = **bukik tumbas rujak cingur**